

SUPERINTENDENT, Rejyon Nò Distrik-la **ap swete nou byenveni pou ane eskolè 2011-2012**

(Welcome to the 2011-2012 School Year From Your North Area Superintendent)

Byenveni nan ane eskolè 2011-2012! Vakans ete pase byen vit epi nou pare pou akeyi elèv-nou-yo pou rantre lekòl. Nou te resevwa rezilta tèz FCAT depi mwa jen epi nou satisfè ak rezilta chak lekòl Rejyon Nò obteni epitou ak pwogrè li fè. Nap fè ou konnen yap pibliye rezilta tèz pou lekòl segondè (ayeskoul) nan mwa otòn selon nouvo sistèm nòt ki tabli.

Nou kontan annonse gen nouvo prensipal (direktè lekòl) pou Rejyon-an:

| | |
|-------------------|--------------------------|
| Janette Hameister | Atlantic West Elementary |
| Barbara Rothman | Forest Hills Elementary |
| Dr. Laurel Crowle | Morrow Elementary |
| Marisa Fishlock | Tedder Elementary |
| James Cecil | Sawgrass Springs Middle |

Prensipal (direktè lekòl) kap kòmanse ane-sa-a nan lekòl-yo se:

| | |
|-----------------------|----------------------------|
| Camille Pontillo | Coral Park Elementary |
| Dr. Victoria Thurston | Deerfield Beach Elementary |
| Michael Breslaw | Tradewinds Elementary |
| Scott Fiske | Coconut Creek High |

Nan nouvo ane eskolè-sa, nap fè fas ak anpil defi sitou nan finansman lekòl. Anne-sa, se ane gwo defisi bidjetè kòm plan redrèsman ekonomik ap fini, *Jobs Bill* (pwogram kreyasyon anplwa) ak lòt sous finansman pa enkli ankò nan bidjè lekòl. Nap ba-ou asirans administratè ak pèsennèl devwe-nou pran angajman pou bay yon ansèyman bon kalite menm jan ak ane ki sot pase-a. Mwen ankouraje fanmi patisipe kòm yon volontè, yon manm PTA, SAC oswa SAF. Nou bezwen toutbonvre anpil sipò pandan tan difisil-sa-yo.

Pandan tout ane eskolè-a, sit Entènèt *North Area* va poste enfòmasyon konsènan reyinyon *Parent Advisory* (Komite Konsiltatif Paran), ak lòt enfòmasyon ki kapab enterese ou-menm ak fanmi-ou. Pou ou kapab enfòmè-ou sou sa kap pase, vizite nou nan sit Entènèt:

<http://www.broward.k12.fl.us/northareaoffice/>

Mwen swete pitit-ou yon ane eskolè 2011-2012 enteresan epi reyisi!

Sharon K. Airaghi